



# Social Security

Travay Lè Ou Gen Yon  
Maladi/Enfimite—  
Kòman Nou Ka Ede

2006

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

## Kontakte Sekirite Sosyal

### Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou benefis;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Jwenn fòmilè pou fè demann dokiman enpòtan, tankou yon *Social Security Statement (Etadkont Sekirite Sosyal)*, yon kat Sekirite Sosyal, oswa yon kat Medicare pou ranplase sa ou te genyen an, oswa yon lèt pou verifye kantite lajan benefis ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Genyen kèk nan sèvis sa yo ki disponib nan lang Angle sèlman. Pou vizite seksyon ki nan lang Kreyòl nou a, tanpri ale nan wèbsayt nou [www.socialsecurity.gov/multilanguage](http://www.socialsecurity.gov/multilanguage) sou entènèt la, epi chwazi “Haitian-Creole”.

## Rele nimewo 1-800 nou

Anplis itilizasyon wèbsayt nou, ou toujou kapab rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jouk vandredi. Nou ka ba ou enfòmasyon nan sèvis telefòn otomatik 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa malantandan, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, n ap fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal epi n ap aranje nou pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou a.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwòle kèk apèl telefonik.

## **Ki sa ki andedan**

---

**Èske ou ap resevwa benefis pou maladi/enfimite? Nou ka ede ou jwenn travay . . . . .3**

---

**Yon ti koutje sou ankourajman pou ale travay Sekirite Sosyal . . .4**

---

**Kòman salè ou afekte benefis Sekirite Sosyal ou . . . . .6**

---

**Si ou pèdi djòb ou . . . . .7**

---

**Règ spesyal pou travayè ki avèg . . . . .7**

---

**Yon ti koutje sou ankourajman pou travay SSI . . . . .8**

---

**Kòman salè ou afekte peman SSI ou . . . . .9**

---

**Konbyen tan Medicaid ou ap kontinye . . . . .10**

---

**Pwogram Planifikasyon Benefis, Asistans ak Enfomasyon . . . . .11**

---

## Èske ou ap resevwa benefis pou maladi/enfimite? Nou ka ede ou jwenn travay!

*Si ou ap resevwa benefis pou maladi/enfimite, nou gen bon nouvèl pou ou. Pwogram ankourajman pou ale travay avèk pwogram Tikè pou travay Sekirite Sosyal ka ede ou si ou enterese travay.*

Règ espesyal yo fè li posib pou moun ki ap resevwa benefis Sekirite Sosyal oswa Revni Sekirite Siplemanchè (SSI) al travay pandan yo toujou ap resevwa peman yo chak mwa, jòk lè yo ka travay sou yon baz regilye.

Epi, si ou pa ka kontinye travay akòz eta sante ou, benefis ou yo ka rekòmanse ankò—ou ka pa menm oblije pou ranpli yon nouvo fòm aplikasyon.

Ankourajman pou travay enkli:

- Benefis lajan kach ki ap kontinye pandan yon tan pandan ou ap travay;
- Medicare ak Medicaid ki ap kontinye pandan ou ap travay; epi
- Èd avèk edikasyon, fòmasyon ak reyabilitasyon pou kòmanse yon nouvo metye.

Règ yo diferan nan pwogram Sekirite Sosyal ak nan pwogram SSI. Nou dekri règ yo pou chak pwogram nan diferan seksyon tiliv sa a.

Pwogram Tikè pou Travay la kapab ede ou tou si ou ta vle travay. Ou ka jwenn sèvis re-adaptasyon ak reyabilitasyon pou pwofesyonèl, sèvis fòmasyon pwofesyonèl, sèvis rekòmandasyon pou travay ak lòt

sèvis sipò pou ale travay gratis. Ou p ap gen pou fè revizyon medikal pandan ou ap sèvi ak tikè a.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Tikè pou Travay la lè ou rele gratis nan nimewo telefòn **1-866-968-7842** (TTY **1-866-833-2967**). Oswa ou ka rele nou gratis nan nimewo, **1-800-772-1213** (Nimewo TTY **1-800-325-0778**) epi mande pou yon kopi *The Ticket To Work And Self-Sufficiency Program* (Piblikasyon Nimewo 05-10061). Piblikasyon sa-a disponib sèlman nan lang Angle nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

Ou ka vizite tou wèbsayt Ticket to Work la nan [www.socialsecurity.gov/work](http://www.socialsecurity.gov/work) pou jwenn plis enfòmasyon.

## **Yon ti koutje sou ankourajman pou ale travay Sekirite Sosyal**


**Peryòd esè travay**—Peryòd esè travay la ap pèmèt ou teste maladi/enfimite ou genyen pou travay pandan omwen nèf (9) mwa. Pandan peryòd esè travay la, ou ap resevwa tout lajan benefis Sekirite Sosyal ou kèlkeswa kantite lajan ou fè nan aktivite travay ou depi ou rapòte aktivite travay ou epi ou toujou gen yon maladi/enfimite ki anpeche ou travay. Pou lane 2006 la, yon mwa esè travay se nenpòt ki mwa kote salè total ou se \$620 oswa plis, oswa, si ou se yon travayè endepandan, nenpòt mwa ou touche plis pase \$620 (apre depans yo) oswa ou pase \$80 èdtan nan pwòp biznis ou. Peryòd esè travay la kontinye jouk ou travay pandan nèf (9) mwa pandan yon peryòd 60 mwa.

**Peryòd elijiblite pwolonje**—Aprè peryòd esè travay ou, ou gen 36 mwa ou ka travay epi ou toujou ap resevwa benefis yo pou nenpòt mwa salè ou pa “gwo.” Pou 2006 la, salè \$860 oswa plis (\$1 450 si ou avèg) konsidere kòm “gwo” salè. Yon nouvo aplikasyon oswa yon nouvo desizyon sou maladi/enfimite ou pa nesesè pou ou resevwa benefis Sekirite Sosyal pou maladi/enfimite pandan peryòd sa a.

**Benefis ki Rekòmanse imedyatman**—Aprè benefis ou sispann paske salè ou gwo, ou gen senkan pou ou ka mande nou pou rekòmanse benefis ou imedyatman si ou remake ou pa anmezi pou ou kontinye travay akòz eta sante ou. Ou p ap gen pou ranpli yon nouvo fòm aplikasyon pou enkapasite ou la, epi ou p ap gen pou tann pou benefis ou rekòmanse pandan n ap revize eta sante ou pou nou asire ke ou toujou genyen yon maladi/enfimite.

**Kontinyasyon Medicare**—Si benefis Sekirite Sosyal pou maladi/enfimite ou sispann akòz salè ou, men ou toujou gen yon maladi/enfimite, asirans gratis Medicare Pati A ou ap kontinye pandan omwen 93 mwa apre peryòd esè nèf (9) mwa nan travay la. Apre sa, ou ka achte asirans Medicare Pati A depi ou peye yon prim chak mwa.

**Depans travay ki asosye ak maladi/enfimite ou**—Si ou ap travay, ou ka gen pou peye sèten atik ak sèvis moun pa peye si yo pa genyen yon maladi/enfimite. Pa



egzanp, akòz eta sante ou, ou ka bezwen pran yon taksi pou al travay alapas transpò piblik. Nou ka anmezi pou dedwi pri kous taksi a nan salè pa mwa ou anvan nou detèmine si ou toujou elijib pou resevwa benefis yo.

## **Kòman salè ou afekte benefis Sekirite Sosyal ou**

Pandan peryòd esè travay la, pa gen limit sou salè ou. Pandan peryòd pwolonje 36 mwa elijiblite ou, anjeneral ou pa ka touche plis pase \$860 pa mwa oswa benefis ou yo ap sispann. Men, depans ou fè pou travay la akòz maladi/enfimite ou dedwi lè ou konte salè ou pou wè si yo ka ede ou konsève pi plis nan benefis ou yo. Si ou gen depans siplemantè pou travay la, salè ou ka pi plis pase \$860 anvan li afekte benefis ou yo. Anjeneral, kantite lajan sa a ogmante chak ane.

Nou dedwi depans travay ki asosye avèk maladi/enfimite ou nan salè ou anvan nou detèmine si ou toujou elijib pou resevwa benefis yo. Depans sa yo ka enkli ladan yo frè pou nenpòt atik oswa sèvis ou bezwen pou travay, menm si atik la oswa sèvis la itil ou nan aktivite lavi toulejou ou. Pami egzanp yo, genyen medikaman ki bezwen preskripsyon, transpò pou ale ak pou sòti travay (nan sèten kondisyon), yon gid pèsonèl oswa yon antrnè nan travay la, yon chèz woulant oswa nenpòt ekipman espesyalize pou travay la.



## Si ou pèdi djòb ou

Si ou pèdi djòb ou pandan peryòd esè travay la, sa p ap afekte benefis ou yo. Si ou pèdi djòb ou pandan peryòd pwolonje 36 mwa elijiblite a, rele nou epi n ap rekòmanse ba ou benefis ou toutotan ou toujou genyen yon maladi/enfimite.

## Règ espesyal pou travayè ki avèg

Si ou se yon moun ki avèg epi ou ap travay pandan ou ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ou, gen règ espesyal.

- Ou ka touche jiska \$1 450 pa mwa pou lane 2006 la anvan pou salè ou afekte benefis ou yo.
- Si ou ap touche twòp lajan pou resevwa benefis pou maladi/enfimite, ou toujou elijib pou yon peryòd maladi/enfimite “ fikse” . Sa vle di nou p ap konte nan kalkil benefis ou alavni ane kote ou t ap touche yon ti kantite lajan oswa ou pa t ap touche ditou akòz enkapasite ou.

Sa ka ede ou paske benefis ou yo baze sou pi gwo kantite lajan ou ap touche sou lavi travay ou. Pou plis enfòmasyon sou règ espesyal pou moun ki avèg, mande Sekirite Sosyal yon kopi piblikasyon *If You Are Blind Or Have Low Vision—How We Can Help* (Piblikasyon Nimewo 05-10052). Piblikasyon sa-a disponib sèlman nan lang Angle nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

## Yon ti koutje sou ankourajman pou travay SSI

**Kontinyasyon SSI**—Peman SSI fèt pou moun ki genyen yon maladi/enfimite ki touche yon ti kantite lajan oswa ki gen yon ti kantite resous. Si ou ap travay malgre maladi/enfimite ou, ou ka kontinye resevwa peman yo jouk lè salè ou, plis nenpòt ki lòt revni, depase limit revni SSI la. Limit sa a pa menm nan chak eta. Menm si peman SSI ou sispann, anjeneral asirans Medicaid ap kontinye si salè ou pi piti pase nivo eta kote ou ap viv la.

**Benefis ki rekòmanse imedyatman**—Si nou te sispann peman ou yo akòz salè ou epi ou vin pa anmezi pou travay ankò akòz eta sante ou, ou ka mande nou pou kòmanse peman ou yo ankò. Ou p ap gen pou ranpli yon nouvo fòm aplikasyon maladi/enfimite si ou fè demann sa a nan senkan apre mwa nou te sispann benefis ou yo.

**Depans travay ki asosye ak maladi/enfimite ou**—Menm jan avèk maladi/enfimite nan Sekirite Sosyal, si ou ap travay, ou ka gen pou peye sèten atik ak sèvis moun pa peye san yo pa genyen yon maladi/enfimite. Pa egzanp, akòz eta sante ou, ou ka bezwen pran yon taksi pou al travay alaplas transpò piblik. Ou ka anmezi pou dedwi pri kous taksi a nan salè pa mwa ou anvan nou detèmine si ou toujou elijib pou resevwa benefis yo.

**Plan pou gen endepandans**—Si ou devlope yon plan pou yon bi travay ki ap ede ou sòti sou pewòl SSI, nenpòt lajan

ou itilize pou bi sa a p ap konte lè ou ap chèche konnen fason revni ak resous ou afekte kantite lajan peman ou. Pou plis enfòmasyon, mande yon kopi *Working While Disabled—A Guide To Plans For Achieving Self-Support* (Piblikasyon Nimewo 05-11017). Piblikasyon sa-a disponib sèlman nan lang Angle nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

**Elèv ki genyen yon enkapasite**—Nou pa konte salè ou touche pa mwa jiska \$1 460 pou lane 2006 la (maksimòm \$5 910 pou 2006) lè nou kalkile kantite lajan pou peman SSI ou si ou poko gen laj 22 lane epi ou al lekòl oswa ou nan yon pwogram fòmasyon sou yon baz regilye.

## **Kòman salè ou afekte peman SSI ou**

Kantite lajan pou peman SSI ou baze sou kantite lajan lòt revni ou resevwa. Lè lòt revni ou ogmante, anjeneral peman SSI ou diminye. Kidonk, lè ou touche plis lajan pase limit SSI, ou p ap resevwa SSI pou mwa sa yo. Men, peman ou ap rekòmanse otomatikman pou nenpòt mwa revni ou vin pi piti pase limit SSI la. Senpleman fè nou konnen si salè ou diminye, oswa si ou sispann travay.

Si sèl revni ou genyen anplis SSI se lajan ou touche nan travay ou, nou pa konte premye \$85 nan salè ou touche chak mwa. Nou dedwi nan peman SSI ou 50 santim sou chak dola ou touche apre dediksyon \$85 a.

**Egzanp:** Ou travay epi ou touche \$1 000 pou mwa desanm. Ou pa resevwa

okenn lòt revni anplis salè ak SSI ou. Nou ta dedwi \$457,50 nan peman SSI ou pou mwa desanm la.

\$1 000

-\$85

\$915 divize pa 2 = \$457,50

Ou ka elijib pou yon “plan pou gen endepandans” ki ap pèmèt ou itilize lajan ak resous pou yon bi travay spesifik. Lajan sa yo pa konte lè n ap chèche konnen fason revni ak resous ou afekte kantite lajan benefis ou.

## Konbyen tan Medicaid ou ap kontinye

Anjeneral, asirans Medicaid ou ap kontinye, menm apre lè ou sispann resevwa peman SSI ou, jous lè revni ou rive nan yon sèten nivo. Nivo a varye selon chak eta, epi li asosye avèk depans pou swen medikal nan eta kote ou ap viv la. (Nou ka fè ou konnen nivo Medicaid pou eta kote ou ap viv la.)

Men tou, si depans swen medikal ou depase nivo sa a, ou ka gen plis revni epi ou konsève Medicaid ou. Nan pifò eta, pou Medicaid ou ka kontinye, ou dwe:

- Bezwen li pou ou ka travay;
- Pa gen mwayen pou peye yon asirans medikal sanblab san ou p ap resevwa benefis SSI;
- Toujou kontinye souffri avèk yon maladi/enfimite; epi
- Satisfè tout kondisyon elijiblite SSI.

Si ou ranpli kondisyon pou Medicaid selon règ sa yo, n ap revize ka ou tanzantan pou wè si ou toujou genyen yon maladi/enfimite oswa si ou avèg, epi si ou toujou ap touche mwens lajan pase nivo ki akseptab nan eta kote ou ap viv la.

## **Pwogram Planifikasyon Benefis, Asistans ak Enfòmasyon**

Sekirite Sosyal gen yon *Pwogram Planifikasyon Benefis, Asistans ak Enfòmasyon*, (*Benefits Planning, Assistance and Outreach*, BPAO) ki ede reponn kesyon sou ankourajman pou travay Sekirite Sosyal yo, pou ede ou pran desizyon sou travay .

Òganization ki gen baz yo nan Kominote a ofri pwogram enfòmasyon avèk ankourajman pou travay, planifikasyon ak asistans pou moun ki resevwa benefis maladi/enfimite sekirite Sosyal oubyen SSI epi ki ap travay oubyen ki ta vle ale travay. Anplwaye espesyal pwogram sa yo ka ede ou konprann kòman travay ou afekte peman ou epi eksplike ou ki lòt sipò federal, sipò nan eta kote ou ap viv la oubyen sipò nan zòn lokal ou ki disponib pou moun ki soufri avèk maladi/enfimite men ki vle travay.

Pou lokalize pwojè BPAO ki pi ptr ou, tanpri rele **1-866-968-7842** (TTY **1-866-833-2967**). Ou ka jwenn tou yon lis ki gen enfòmasyon pou kontak nan wèbsyat nou.

***[www.socialsecurity.gov/work/ServiceProviders/BPAODirectory.html](http://www.socialsecurity.gov/work/ServiceProviders/BPAODirectory.html)***

## *Remak*

---

## *Remak*

---

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10095-HC  
Working While Disabled—How We  
Can Help (Haitian-Creole)  
January 2006